МИНИСТЕРСТВО НАУКИ И ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ
ФЕДЕРАЛЬНОЕ ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ ВЫСШЕГО ОБРАЗОВАНИЯ «ИНГУШСКИЙ ГОСУДАРСТВЕННЫЙ УНИВЕРСИТЕТ»

ФИЛОЛОГИЧЕСКИЙ ФАКУЛЬТЕТ
Кафедра ингушского языка

Аннотация
рабочей программы учебной дисциплины
Б1.В.ДВ.03.02 «Грамматика чеченского языка»
Направление подготовки магистров 45.04.01 «Филология»
Профиль: «Ингушский язык»
Составитель аннотации: к.ф.н. профессор А.З. Гандалоева

1.	**Цель изучения дисциплины** Систематизация знаний чеченской орфографии и пунктуации; формирование норм письменной литературной речи на основе овладения орфографическими и пунктуационными знаниями, умениями и навыками; обучение применению полученных знаний в практической деятельности.		
2.	**Место дисциплины в структуре ОПОП ВО магистратуры** Данная учебная дисциплина входит в раздел «Б1.В.ДВ.03.02 Дисциплины по выбору» ФГОС ВО 3++ по направлению подготовки 45.04.01 – «Филология. Ингушский язык.		
3.	**Результаты освоения дисциплины (модуля) «Грамматика чеченского языка»**		
	Код и наименование компетенций	**Индикаторы**	**Дескрипторы**
Профессиональные компетенции (ПК) выпускников и индикаторы их достижения			
	УК-5 Способен анализировать и учитывать разнообразие культур в процессе межкультурного взаимодействия	**УК-5. 1.** Формулирует на основе поставленной проблемы проектную задачу и способ ее решения через реализацию проектного управления.	**Знать:** методы научно-исследовательской работы педагогической деятельности **Уметь:** использовать навыки чтения и интерпретации научных трудов в области филологии **Владеть:** принципами филологического исследования.

	ПК-4 Владеет навыками участия в работе научных коллективов, проводящих филологические исследования	**ПК-4.2.** Принимает участие в обсуждении хода работы в рамках научного семинара, научной группы, другого исследовательского коллектива.	**Знать:** правила работы в профессиональных коллективах, правила ведения профессиональной межличностной коммуникации. **Уметь:** соотносить свою часть научного исследования с общей задачей научного коллектива. **Владеть:** навыками самостоятельной и командной работы.

4.	**Структура и содержание дисциплины**

4.1. Структура дисциплины (модуля)

Вид учебной работы	**Всего часов**	**3 сем.**	**4 сем.**
Общая трудоемкость дисциплины	**324 ч.**	**2 з.е.**	**7 з.е.**
Аудиторные занятия	98	50	48
Лекции	58	34	24
Практические занятия (ПЗ)	40	16	24
Самостоятельная работа	199	22	177
Контроль	27	-	27

4.2. Содержание дисциплины

Тема 1. Нохчийн йозан (литературин) мотт. Нохчийн алфавитан башхаллаш

Нохчийн алфавитехь 49 элп ду, царах I5 шалха ду, уьш кхоллало шишша элп цхьаьна а кхеташ. Шалха элпаш кхуллуш тIекхета 4 хьаьрк: Ъ – къ (къам) Ь – аь, оь, уь, юь, яь, хь (хьаша) I – гI, пI, тI, цI, чI, хI, кI. Х – кх. I – цхьалха мукъаза аз.

Нохчийн маттахь, оьрсийн маттахь сана, мукъаза аьзнаш чIогIа-кIеда хиларца ца декъало, вайн маттахь чIогIа-кIеда хиларца мукъа аьзнаш декъало ***(а - аь, о - оь, у - уь, ю - юь, я - яь, е, и).*** Мукъаза аьзнаш нохчийн маттахь даима чIогIа ду.Нохчийн маттахь ***(ё, ф, щ, ы***) – и 4 элп тIеэцначу дешнашкахь я цIершкахь бен ца яздо, амма вайн маттахь хила тарло цу элпийн аьзнаш: **Ё** – йоза, йолу.**Ф** – и элп а, я цуьнан аз а нохчийн маттахь тIеэцначу дешнашкахь я цIершкахь бен ца хуьлу. **Щ** – шекар, шиъ (кIедачу аьзнаша кIаддо) **Ы** → и.Нохчийн маттахь мукъа аьзнаш хила тарло деха а, доца а, йозанехь уьш къаста ца до, амма церан нийса аларх дозуш хуьлу дешан маьIна (ваха – пойти, ва̄ха –жить).

Нохчийн маттахь тохар даима хьалхарчу дешдекъехь лаьтта, дешан кеп хийцарх цо меттиг ца хуьйцу (в`ала – дIав`ала).

Нохчийн маттахь шина я цул сов дешдекъах лаьттачу дешнийн чаккхенгахь (-а) хилахь,

къамелехь чакхенгара (-а) ца олу (тахана, кхана). Графика (шалий, шалхий элпаш). Мукъаза аьзнийн шаладерзаран некъаш.

аь, кх, пI – шалха (двойные); -нн-, -мм-, -ккх- – шала (удвоенные). Нохчийн маттахь шуьйра даьржина ду мукъаза аьзнийн шаладерзар. Мукъаза аьзнийн шаладерзаран вайн маттахь 6 некъ бу:

I. ЦIердешнийн дукхаллин терахь кхуллуш мукъаза аз шаладоьрзу. ***(тур - тарраш, хьун - хьаннаш, бух - баххаш)***

2. Хандешан яхана хан кхуллуш ***д, л, тI*** мукъаза аьзнаш шаладоьрзу (***ала - аьлла, хила - хилла, вада – ведда, датIа – даьттIа)***

3. Дагардарехь дешайисттера (финалера) мукъаза аз шаладоьрзу. ***(Ахьмаддий, Мохьмаддий, Султанний дIавахара).***

4. Дешнаш ***а*** хуттургаца дацаран маьIнехь олуш мукъаза аз шаладоьрзу: ***хIума – хIумма а, стаг – стагга а, .***

5. Орамехь (-н) долчу дешнийн лург дожар кхуллуш мукъаза аз шаладоьрзу: ***хан–ханна, Руслан–Русланна.***

6. Дешнийн маьIна чIагIдарехь мукъаза аз шаладоьрзу: ***цигахь–циггахь, йистехь–йисттехь, дика–дикка***

Дошкхолладалар. Дешан хIоттам (лард, орам, дешхьалхе, суффикс, чаккхе). Предложенехь дешнийн вовшашца йолчу уьйре а, маьIне а хьаьжжана, дешнаш а, церан форманаш а хийцало.

Предложенехь дешнашна юккъе уьйр а тосуш, дешан хийцалучу декъах **чаккхе** олу. Масала: Даймохк, Даймехк-ан, Дамахк-ана. Дешан чаккхе дIаяьккхича бухадуьсучу декъах **лард** олу. Масала: гIал-а – гIал-ин. ХIора лардехь орам хуьлу. Юкъара цхьа орам болчу дешнех гергара дешнаш олу. Гергарчу дешнийн лардан юкъарчу декъах ора молу. Масала: теш-а – тешам – тоьшалла – тешн. Дешан лардехь хила тарло дешхьалхе а, суффикс а. Орамна хьалха а лаьтташ, дашна керла маьIна лучу лардан декъах **дешхьалхе** олу. Масала: вола – схьа-вола, чу-вола. Орамна тIехьа а лаьтташ, цунна керла маьIна лучу лардан декъах **суффикс** олу. Суффиксаш 2 тайпане екъало: дошкхолларан – юрт-юьртахо, формакхолларан – чIеш-чIешалг. Цуьнца доьзна дешнаш шина кепара хуьлу: схьадевлла, схьадовлаза. Кхечу дешнех хилла доччу дешнех схьадовлаза дешнаш олу (юрт, лам, чIеш). Кхечу дешнех кхолладеллачу дешнехх схьадевлла дешнаш олу (юрт – юьртахо, лам – ламанхо). Схьадалазчу дешан лард а, орам а цхьаъ хуьлу, хIунда аьлча схьадалазчу дешехь я дешхьалхе а, я суффикс а ца хуьлу, чаккхе йолуш а, йоцуш а хила тарло.

Къамелан дакъош. Нохчийн маттахь итт къамелан дакъа ду, уьш 2 тайпане декъало: а) коьрта къамелан дакъош; б) гIуллакхан къамелан дакъош. Коьрта къамелан дакъа нохчийн маттахь 6 ду: цIердош (мила? муьлш? хIун?), билгалдош (муха? муьлха? хьенан? стенан?), терахьдош (масс? мел? моссалгIа?), цIерметдош (мила? муьлха? мел?), хандош (хIун до? хIун дина? хIун дийр ду? хIун хуьлу?), куцдош (муха? мичахь? маца? хIунда? мича Iалашонца?) ГIуллакхан къамелан дакъа нохчийн маттахь 3 ду: хуттург (а, я, амма) дакъалг (ца, ма, -кх, -м) дештIаьхье (чохь, тIехь). Ша лела айдардош (эхI, Iалелай)

ЦIердешан грамматически билгалонаш

ЦIердош коьртачу къамелан дакъойх цхьаъ ду, вайн маттахь йоккха меттиг дIалоцу цо.

(Мила? муьлш? хIун?) – бохучу хаттаршна жоп а луш, хIума билгалъечу коьртачу къамелан декъах цIердош олу. Цуьнан тайп-тайпана грамматически билгалонаш хуьлу:

1. ЦIердош нохчийн маттахь оьрсийн маттахь санна садолчуй, садоцучуй билгалонца ца декъало, вайн маттахь цIердош синкхетам болчуй, синкхетам боцучуй билгалонца декъало.

Синкъетам болчу цIердешнашна юкъадогIу массо а адамех, церан гергарлонех, говзаллех, тайпанех, бехачу меттигех лаьцна долу цIердешнаш ***(стаг, шича, лор, чармо, шото, шелахо).***

Синкхетам боцчу цIердешнашна юкъадогIу массо а дисина цIердешнаш чохь саделахь а, садацахь а башха а доцуш: ***(ча, хьоза, гIала, лам).***

Билгалдешан маьIна, цуьнан тайпанаш.

ХIуман мухалла а гойтуш, ***муха? муьлха?*** бохучу хаттаршна жоп лучу коьртачу къамелан декъах ***билгалдош*** олу. Билгалдешнийн 2 кеп ю: а) лаамаза, б) ламе. Лаамаза билгалдешнаш даима цIердашца цхьана лела (*хаза йоI, оьзда кIант*). Лааме билгалдешнаш кхоллало лаамазчу

билгалдашна тIе суффикс ***-ниг*** кхетарца (*хазаниг, оьзданиг*). Билгалдешнаш шайн маьIне хьаьжжина 3 тайпана хуьлу: ***1. Мухаллин (качественные),*** цара гойту хIуман: а) *мухалла* (лекха лам), б) *чам* (мерза Iаж), в) *бос* (можа зезаг)***2. Юкъаметтигаллин (относительные),*** цара гойту: а) *хIума стенах йина ю* (дечиган кад), б) *хан* (селханлера де), в) *меттиг* (гIалара хьаша).
3. Доладерзоран (притяжательные), цара гойту хIума цхьаннан долахь хилар (вешин доьзал).
Мухаллин билгалдешнийн н. м. 3 дустраан дарж ду: ***юьхьанцара (положительная)*** *(муьста берам)*, ***дустаран (сравнительная)*** *(муьсто берам)*,***тIехдаларан (превосхадная)*** *(уггар муьста берам)*.

Терахьдешан тайпанаш. ХIуман масалла я рогIалла гойтучу къамелан декъах терахьдош олу *(цхьаъ, итт, исс)*. Шайн маьIне диллича, терахьдешнаш **масаллин а, рогIаллин** а хуьлу.
I. ХIумнийн масалла а гойтуш, маса? бохучу хаттарна жоп лучу терахьдашах **масаллин терахьдешнаш** олу **(***пхиъ, ткъа, бIе, эзар***).** Масаллин терахьдешнаш тайп-тайпана хуьлу:

1. ***Декъаран.*** Декъаран маьIна а долуш, мас-маса? бохучу хаттарна жоп лучу терахьдашах ***декъаран*** терахьдош олу.
2. ***Эцаран.*** Эцаран маьIна а долуш, мосазза? бохучу хаттарна жоп лучу терахьдашах ***эцаран*** терахьдош олу.
3. ***Гулдаран.*** Юьйцуш йолчарах йолуш йолу ерриге а хIумнаш юкъа лоцуш, гулдаран маьIна долчу терахьдашах ***гулдаран*** терахьдош олу.
4. ***Дакъойн.*** Дакъош гойтуш а, (маса мосалгIа?) бохучу хаттарна жоп луш а долчу терахьдашах ***дакъойн*** терахьдош олу *(2/3–шиъ кхоалгIа, 5/I0 – пхиъ уьтталгIа)*
5. ***Билгалза-масаллин.*** ХIуманийн масалла юьззина билгал ца ечу терахьдашах ***билгалза-масаллин*** терахьдош олу (*цхьа-шиъ, пхи-ялх, иссех, иттех, ткъех*).

Нохчийн маттахь масаллин терахьдешнаш цхьаллин а, дукхаллин а терахьехь хийцалуш лела (*цхьаъ – цхьаннаш, бIе – бIеннаш*).

ХIуманийн рогIалла а гойтуш, **мосалгIа? мосазлагIа?** бохучу хаттаршна жоп лучу терахьдешнех ***рогаллин терахьдешнаш*** олу. Масала: *пхоьалгIа, ворхIалгIа* (хIуманийн рогIалла гойту), *пхоьазлагIа, ворхIазлагIа* (даран я хиларан рогIалла гойту).

Шайн хIоттаме диллича, терахьдешнаш кхаа кепара хуьлу:

1. Цхьалхе, уьш цхьана орамах лаьтташ хуьлу (*цхьаъ, пхиъ. итт*)
2. Чолхе, уьш шина я масех цхьалхечу я чолхечу терахьдашах лаьтташ хуьлу (*ткъе пхиъ, ткъе цхьайтта, бIе ткъе берхIитта*)
3. ХIоттаман, шина я масех цхьалхечу я чолхечу терахьдашах лаьтташ хуьлу *(ткъе пхиъ, ткъе цхьайтта. бIе ткъе берхIитта)*. Оьрсийн маттахь хьесапан а, дагардаран а иттанийн кеп ю, аьлча а, иттанашца дагардо (десятичная система счета). Нохчийн маттахь хьесапан а, дагардаран а ткъаннийн кеп ю (двадцатеричная система счета). Терахьдешнаш билгалдешнаш санна лааме а, лаамаза а хуьлу: **лаамаза терахьдешнаш** цIердашца цхьаьна лела (*виъ стаг, пхи зезаг, итт класс*), **лааме терахьдешнаш** цIердашца доцуш, шаьш лела (*виъ, пхиъ, итт*).

ЦIерметдешан грамматически билгалонаш. ХIуман цIе а ца йоккхуш, цIердешан, билгалдешан, терахьдешан метта лелачу къамелан декъах **цIерметдош** олу. Цо хIуман мухалла, масалла а билгал ца йо. ЦIерметдешнийн грамматически билгалонаш:

1. ЦIерметдешнаш гайтаран я хаттаран маьIнехь лела (со, хьо, дIора, ишттаниг).
2. Дожаршца хийцадаларехь ша мета лелачу къамелан дакъойх тера ду цIерметдешан.
3. Цхьадолу цIерметдешнаш дожаршца цIердешнаш санна хийцало (со, сан, сунна, ас, соьца, сох, соьга).
4. Цхьадолу цIерметдешнаш, рогIаллин терахьдешнаш санна а, билгалдешнаш санна а хийцало (вайниг, вайчуьн, вайчунна, вайчо и. дI. кх.)
5. ЦIерметдешнаш, билгалдешнаш а, терахьдешнаш а санна, лааме, лаамаза хуьлу.

ЦIерметдешнийн шайн маьIне хьаьжжина 9 тайпа хуьлу**:** Яххьийн (личные), церан 3 юьхь ю цхьаллин, дукхаллин терахьехь: Дерзоран (притяжательные): со-со, хьо-хьо, и-ша, шу-шаьщ.
Доладерзоран (собственные): сан, хьан, цуьнан. Дерзоран-доладерзоран (собств.- притяж.): сан-сайн, хьан-хьайн, цуьнан-шен. Гайтаран (указательные): ишта, хIара, дIора, хIоккхул. Къастаман (определит.): массо а, дерриге а, ерриг а. Къастамза (неопредел.): масех, мелла а. Хаттаран

(вопрос.): мел, маса, муьлш, муьлхарг. Юкъаметтигаллин (относит.): хьенан, стенан.

Хандешан грамматически билгалонаш. ХIуман дар я хилар а гойтуш, хIун до? хIун дина? хIун дийр ду? хIун хуьлу? бохучу хаттаршна жоп лучу къамелан декъах хандош олу.

Хандешан грамматически билгалонаш: Хандашо дар я хилар гойту. Хандош хенашца хийцало. Н.м. хандешан 8 хенан кеп ю: а) карара хан (хIун до?): яздо, дуьйцу. б) хIинцца яхана хан (хIун ди?) язди, дийци, в) гуш яхана хан (хIун дира?) яздира, дийцира, г) яхана хан (хIун дина?) яздина, дийцина,д) хьалха яхана хан (хIун динера?) яздинера, дийцинера, е) ихина хан (хIун дора?) яздора, дуьйцура, ж) хила мега хан (хIун дер?) яздер, дуьйцур, з) билгала хин йолу хан (хIун дийр ду?) яздийр ду, дуьйцур ду.

1. Цхьадолу хандешнаш цхьаллин, дукхаллин терахьашца хийцало (книга Iуьллу – книгаш Iохку)
2. Цхьадолу хандешнаш цхьаллин а, дукхазаллин а кепашца хийцало (кIант воду – кIант уьду)
3. Цхьадолу хандешнаш грамматически классашца хийцало. Н.м. хандешан 4 классни гайтам бу (вогIу, йогIу, богIу, догIу)
4. Хандешнаш н.м. кхечуьнга довлуш а, кхечуьнга ца довлуш а хуьлу.
5. Хандешан н.м. 4 саттам бу: а) билгала саттам (хеза, дуьйцу), б) бехкаман саттам (хазахь, дийцахь), в) лааран саттам (хазахьара, дийцахьара),г) тIедожоран саттам (хазийтал, дийцал).

Предложенехь хандош дукха хьолахь сказуеми хуьлий лела.

Куцдешан тайпанаш. Тайп-тайпана латтамаш а гойтуш, дар я хилар муха, маца, мичахь, мича Iалашонца, хIунда кхочуш хуьлу гойтучу коьртачу къамелан декъах куцдош олу.

Куцдош предложенехь даима хандашца дозуш а, и кхетош а хуьлу.

ГIуллакхан къамелан дакъош (дакъалг, дештIаьхье). ДештIаьхьенийн маьIна. Лач дожарехь долчу цIердешан, цуьнан маьIнехь лелачу кхечу дешан вовшашца йолу юкъаметтиг гойтучу гIуллакхан къамелан декъах дештIаьхье олу. ДештIаьхьенийн масех маьIна хуьлу: а) меттиган (хи чохь, кора тIехь); б) хенан (сарахь дуьйна); в) даран суьртан (куьйгаш тIехь лелайо); г) Iалашонан (халкъан дуьхьа); д) юкъаметтиган (хьокъехь, лаьцна, хьаьжжана). Дакъалгийн тайпанаш. Предложенина я цуьнан меженашна тайп-тайпана маьIна лучу гIуллакхан къамелан декъах дакъалг олу. Шайн маьIне хьаьжжана дакъалгаш 7 тайпане екъало.

5.	**Образовательные технологии**
	При подготовке студентов используются следующие основные формы проведения учебных занятий: • лекции (занятия лекционного типа); • практические занятия; • групповые консультации; • индивидуальные консультации и иные учебные занятия, предусматривающие индивидуальную работу преподавателя с обучающимся; • самостоятельная работа обучающихся.
6.	**Используемые ресурсы информационно-телекоммуникационной сети «Internet»; информационные технологии, программные средства и информационно-справочные системы**
	http://window.edu.ru Электронная библиотека онлайн «Единое окно к образовательным ресурсам» http://school-collection.edu.ru «Образовательный ресурс России» http://www.edu.ru Федеральный образовательный портал: учреждения, программы, стандарты, ВУЗы, тесты ЕГЭ, ГИА http://fcior.edu.ru Федеральный центр информационно-образовательных ресурсов (ФЦИОР) http://rvb.ru Русская виртуальная библиотека http://ruslit.ioso.ru Кабинет русского языка и литературы http://ruscorpora.ru Национальный корпус русского языка

	http://elibrary.ru/defaultx.asp Научная электронная библиотека «e-Library» http://www.iprbookshop.ru Электронно-библиотечная система IPRbooks https://lib.inggu.ru Электронно-библиотечная система ИнгГУ Информационно-правовая система «Гарант» – Сетевая версия, доступна со всех компьютеров в корпоративной сети ИнгГУ
7.	**Формы текущего контроля**
	Задания для текущего и промежуточного контроля, тестовые задания, вопросы к экзамену
8.	**Форма промежуточного контроля**
	Экзамен